# СОВЕТ ҲҮКИМЕТИНИҢ ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА АЛЫП БАРҒАН ЖЕРГИЛИКЛЕСТИРИЎ СИЯСАТЫ

**_Базарбаев Р.Ж._**
_т.и.д.доцент.,_
_Ажинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты_
**_Алламуратов А.А._**
_Бердақ атындағы қарақалпақ Мәмлекетлик университети студенти_

**Таянч сўзлар:** миллий сиёсат, совет ҳукумати, ҳокимият, Қорақалпоғистон, маҳаллийлаштириш сиёсати, миллий кадрлар, миллий интеллегенция, партия, қўмита.
**Ключевые слова:** национальная политика, Советское правительство, власть, Каракалпакстан, политика локализации, национальные кадры, национальная разведка, партия, комитет.
**Key words:** national policy, Soviet government, power, Karakalpakstan, localization policy, national cadres, national intelligence, party, committee.

**РЕЗЮМЕ:**
Ушбу мақолада совет ҳукуматининг Қорақалпоғистонда олиб борган маҳаллийлаштириш сиёсати тўғрисида сўз юритилган.
**РЕЗЮМЕ:**
В данной статье рассматривается локализационная политика советского правительства в Каракалпакстане.
**SUMMARY:**
This article examines the localization policy of the Soviet government in Karakalpakstan.

20-жыллардың екинши ярымында миллий сиясатта жергиликлилестириўге қарай бағдар алынды. Жергиликлестириў 1920-жылларда ҳәм 1930-жыллардың басында совет ҳүкиметиниң миллий мәселеде жүргизген өзине тән сиясаты болды. Оның мақсети совет ҳүкиметин беккемлеў ҳәм орынларда большевиклер ҳәкимиятын нығайтыў мақсетинде партия ҳәм совет уйымларында жергиликли миллий кадрлар ўәкиллериниң үлесин көбейтиў болды.

Көпшилик миллий республикалар ҳәм автономиялардағы партия ҳәм совет уйымларында миллий кадрлардың аз болыўы орайлық басшылықтағылардан нызамлы тынышсызланыўын пайда етти.

Себеби, бул жергиликли халықтың көз алдында, ҳүкиметтиң абыройын ҳәм оған болған қызығыўшылықты айтарлықтай пәсейтти.

Т.Рыскулов былай деп жазды: «Егер биз шығыста мусылманлардан революция авангардын өсирип, жетилистирмекши болсақ, онда сырттан келгенлер емес, ал мусылманлардың өзлери-өзлерин басқарыўға үйрениўи керек».

Орынлардағы көплеген партия ҳәм совет хызметкерлери жергиликли халықтың тилин билмеди ҳәм олардың дәстүрлерине және мәдениятына немқурайды қарады.

Бундай жағдайды сапластырыў мақсетинде Орайлық ҳәкимият миллий кадрларды басқарыўға тартыў, миллий интеллегенцияны қәлиплестириў ушын шараятлар дөретиўге умтылды. Бирақ, бул большевиклердиң жергиликли кадрларға толық исенетуғынын аңлатпады.

Себеби, миллий сиясаттың тийкары класслық жек көриўшилик ҳәм пролетариатта миллет жоқ деген түсиник, революцияны экспорт етиўге умтылыў болды.

1926-жылдың 1-июнине қарай совет мәкемелериниң ўәлаятлық аппаратында 437 штатлық лаўазым жергиликлестирилип, соннан 31 и жуўапкерли лаўазымлар, 85 и орта ҳәм киши техникалық лаўазымлар болды.

Бирақ, мәселениң екинши тәрепи бул адамлардың арасында тек 26,3 % ғана жазыўды билетуғын еди. Жергиликлестирилгенлердиң 1,9% қараўыллар, ат бағарлар, сипсекешлерден ибарат болды. Олар жергиликлестириў талапларына жуўап бермеди.

1927-жылы жергиликлестирилген хызметкерлер ушын курслар шөлкемлестирилиўи бул исте бурылыс пайыты болды. Ис жүргизиў ҳәм есап-санақ бойынша 2-3 айлық курслар шөлкемлестирилди.

1929-жылдың 1 сентябрине келип Қарақалпақстан автономиялы ўәлаяты совет аппараты 42,4%, кооперативлик аппарат 47,9%, партия аппараты 56,5% жергиликлестирилди. Аппараттың 950 лаўазымынан 425 лаўазым жергиликли кадрлар менен толықтырылды.

Жергиликлестириў тийкарынан төменги буўын хызметкерлери-курьерлер, қараўыллар, милиционерлер есабынан әмелге асырылды. Орта буўында бул ис әззи жүргизилди, ал жоқары категориядағы хызметкерлерге дерлик тийисли болмады.

1932-жылдың 22 январында ўәлаятлық партия комитетиниң кеңеси болып, онда «Жергиликлестириў ҳәм кадрлар таярлаў ўазыйпалары ҳаққында» ХКК (СНК) баслығы Қ. Әўезов баянат жасады.

Шығып сөйлеген Сейидрасулиев жергиликлестириў ҳәм миллий кадрлар таярлаў тийкарғы мәселе екенин атап көрсетти. Далиев болса, лаўазымларға тартылғанлар менен ҳешқандай жумыс алып барылмай атырғанын айтты. Барлық директивалар рус тилинде берилетуғынын оларды жергиликли кадрлар түсинбейтуғынын, колхоз басшыларының көпшилиги саўатсыз екенин, жергиликли тиллерде ис жүргизиўди жолға қойыў кереклигин атап көрсетти.

Ж.Сейтова ҳаялларды басшы лаўазымларға қойыў зәрүрлигине дыққат қаратты. Қарақалпақстан партия шөлкеминде тек 13% ҳаял-қызлар бар екенин билдирди. Усы кеңестиң материалларын үйрениў кадрлар таярлаў, аппаратты жергиликлестириў, ис жүргизиўди жергиликли тилде алып барыў әҳмийетли мәселелер екенин көрсетти.

Жергиликли кадрлардың саны көбейгени менен орайлық мәкемелерде ҳәм халық комиссариатларында районлар менен байланыс көпшилик жағдайда рус тилинде жүргизилетуғыны айтылды.

Жергиликлестириў халық комиссариатларында тек басшы лаўазымларда әмелге асырылғаны, техникалық аппарат ҳәм ис жүргизиўде әҳмийетли лаўазымлар жергиликли кадрлар менен толықтырылмағаны атап көрсетилди.

Орайдан кадрлар шақырыў керек, бирақ жоқары маманлықтағы қәнигелерди шақырыў, ал, басқа хызметкерлерди республика ишинен, сондай-ақ орайлық оқыў орынларына жибериў арқалы таярлаў кереклиги атап өтилди.

1927-жылдың 1 августында Қарақалпақстан ӯәлаятлық партия комитети жаңа латын алфавитин еңгизиў ҳаққында қарар қабыл етти. Бул иләжды жаңа оқыў жылынан баслап уәлаяттың барлық оқыў орынларында баслаў нәзерде тутылды.

Ӯәлаяттың ҳәр бир округинде кешки курслар шөлкемлестирилди, дослар дөгереклери ҳәм жаңа алфавитти үйрениўге жәрдем көрсетиў комитетлери дүзилди. «Еркин Қарақалпақ» газетасында латынша алфавиттиң еңгизилиўиниң әҳмийети кең сәўлелендирилип барылды.

1933-жылдың сентябринде ВКП (б) ОК Ортаазбюросына «ҚҚАССР совет аппаратын миллийлестириўдиң жағдайы ҳаққында» баянат хат жиберилди.

Онда миллий хызметкерлердиң проценти буннан алдыңғы жыллар менен салыстырғанда кескин пәсейип кеткени ҳаққында айтылады: 1930-жылы 31,5 %, 1931-жылы 41 %, 1932-жылы 16,5% болғаны көрсетилди.

Республикалық совет аппаратына жергиликли миллетлерден хызметкерлер тартыў, қарақалпақлар санының азғана изде қалыўы ҳәм т.б миллет ўәкиллериниң жоқлығына қарамастан бир бапта әмелге асырылды. Аппаратты жергиликлестириў тийкарынан жумыста өсириў ҳәм совет аппаратының орта буўыны ушын хызметкерлер ҳәм кеңсе-техникалық персоналды тартыў есабынан өткерилди.

Ең көп жергиликлестирилген ҚҚАССР дың ҳүкиметлик мәкемелери 22,8 процент - 7% қарақалпақлар, 6% өзбеклер, 9% қазақлар ҳәм 0,7% түркменлер болды.

Республикалық аўыл-хожалық, саўда-кооперативлик, таярлаў, қурылыс ҳәм транспорт шөлкемлери 11-12% дәрежесинде болды. Қарақалпақстан автономиялы уәлаяты аймағында да совет партия мектеплери дүзиле баслады, 1925-жылы оларға 70 адам алынды.

Соңғылығында тыңлаўшылар саны өсип барды. 1926-жылы 3 топарда олардың саны 73 адамға жетти. Тыңлаўшылар батрақлар ҳәм орта дәрежедегилердиң қатарынан еди.

Жоқарыдағы атап өтилгенлерден төмендегидей жуўмақлар шығарыў мүмкин:

Орынлардағы партия ҳәм совет ҳүкиметин жергиликлестириўге қаратылған ҳәрекетлер жарым жартылай түрде болды. Жергиликли миллет ўәкиллери тек басқарыў аппаратының төменги буўынында көпшиликти қурады, булар қараўыллар, ағаш усталары, машинисткалар, лаборантлар референтлер болды.

1930-жыллардың басында «Буржуазиялық миллетшиликке қарсы гүрес»ке байланыслы, бул сиясий мапаз тоқтатылды. Гүрес барысында жергиликли хызметкерлердиң тийкарғы бөлеги репрессияға ушырады.

Миллий сиясат саласында немец қәнигеси Герхард Зимон жергиликлестириў, миллетшил күшлердиң раўажланыўының алдың алыўы тийис еди. Тил, мәдения ҳәм кадр сиясатында барымға барыўлар автономиялық ҳәм сепаратистлик кейпиятлардың тарқалыўын тоқтатыўы керек еди,-деп жазады.

Жергиликлестириў 1927-39-жылларда русификацияға қайтыў менен тамамланды.

Көпшилик миллий республикалар ҳәм автономиялардың партия ҳәм совет уйымларында миллий кадрлардың процентиниң салыстырма онша көп емес екенлиги орайлық басшылықта нызамлы тынысшызланыў пайда етти. Себеби, бул жағдай жергиликли халықтың көз алдында ҳүкиметтиң абройын ҳәм оған болған қызығыўшылықты айтарлықтай пәсейтти.

1926-27-жыллардағы жергиликлестириў тәжирейбеси түпкиликли халық, сондай-ақ европалылар қатарынанда көпшилик хызметкерлердиң аппаратты жергиликлестириўге жетерли баҳа бермегенин, екинши тәрепинен оны надурыс түсингенин ҳәм ҳәтте буның зәрүрлигин түсинбегенин көрсетти.

Ең көп жергиликлестирилген ҚҚАССР дың ҳүкиметлик мәкемелериниң аппараты болды. Республикалық аўыл хожалық саўда кооперативлик таярлаў, қурылыс ҳәм транспорт шөлкемлери 11-12% дәрежесинде жергиликли кадрлар менен толықтырылды. Орынларда партия ҳәм совет ҳүкиметин жергиликлестириў иләжлары толық емес, жарым-жартылай түрде өткерилди.

**Әдебиятлар:**


1. Т.Рыскулов. Собрание сочинений в трех томах. Алма-Ата: Қазахстан, 1998. Т. 1, с.
2. КРЖКА ф.1.оп.3..д.452.л.14
3. КРЖКА.ф.1.оп.3.д..1217.л.2.д.
4. КР МА .ф.50.оп.1.д.21.л.151
5. Бизлер изертлеп жүрген ўақтымызда 2008 жылы бул материалымыз Жоқарғы Кенес Архивынан алынды. ф.1.оп.1.д.365.л.20-22.